

PAPYE ENFÒMATIF SOU VAKSEN

Vaksen kont lagrip (inaktive osinon rekonbinan) : *Men kisa w sipoze konnen*

Gen anpil Papye enfòmasyon sou vaksen ki ekri nan lang panyòl ak nan anpil lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

Hojas de información sobre vacunas están disponibles en español y en muchos otros idiomas. Visite www.immunize.org/vis

1 Pouki pou vaksinen ?

Lagrip se yon maladi ki kontajye e ki pwopaje toupatou nan peyi Etazini chak lane, an jeneral ant mwa oktòb ak mwa me.

Se viris lagrip ki lakòz lagrip, e viris la pwopaje sitou nan touse, estènye epi nan vin pre moun ki gripe.

Tout moun kapab gripe. Lagrip kòmanse bridsoukou e li kapab dire plizyè jou. Sentòm li yo depann sou laj moun lan, men yo ka :

- lafyèv / frison
- malgòj
- doulè nan misk
- fatig
- touse
- tèt femal
- nen bouche oubyen nen k ap koule

Epitou lagrip kapab okazyonnen nemoni ak enfeksyon sangan, epi lakòz dyare ak kriz malkadi sou timoun. Si w gen yon maladi, tankou maladi kadyak osinon pilmonè, lagrip kapab fè li vin pi mal.

Pou sèten moun yon lagrip kapab yon pi gwo danje. Tibebe ak jèn timoun, moun ki gen swa 65 lane oubyen ki pi gran, fi ki ansent, ak moun ki gen sèten maladi osinon yon sistèm iminitè ki febli kapab gen pi gwo risk.

Gen chak lane **plizyè milye moun nan peyi Etazini mouri poutèt yo gripe**, e anpil lòt entèn lopital.

Vaksen kont lagrip kapab :

- anpeche w gripe,
- fè lagrip la pa si twò grav si w ta genyen l, epi
- l anpeche w pwopaje lagrip bay fanmi w ak lòt moun tou.

2 Vaksen kont lagrip ki inaktive epi rekonbinan

Li rekòmande pou pran yon dòz vaksen kont lagrip chak sezon grip. Timoun ki nan laj 6 mwa jouk 8 lane kapab bezwen pou yo pran de (2) dòz nan menm sezon lagrip la. Tout lòt moun sèlman bezwen pran yon dòz nan chak sezon lagrip.

Gen kèk vaksen kont lagrip ki inaktive ki gen yon tout piti kantite yon prezèvatif ki abaz mèki ki rele timewozal. Etid ki fèt pa montre timewozal ki nan vaksen lakòz danje, men gen vaksen disponib ki pa gen timewozal ladan yo.

Pa gen viris lagrip anvi nan piki kont lagrip yo. **Yo pa kapab fè w vin gripe.**

Gen plizyè diferan viris lagrip, e yo toujou ap chanje. Gen yon nouvo vaksen kont lagrip ki fèt chak lane pou pwoteje moun kont twa kat viris ki gen chans pou yo lakòz maladi nan pwochen sezon lagrip la. Men menm lè vaksen an pa koresponn egzak avèk viris sa yo, li ka toujou ofri kèk pwoteksyon.

Vaksen kont lagrip pa kapab anpeche :

- lagrip yon viris lakòz men ki pa kouvri pa vaksen an, oswa
- maladi ki sanble lagrip men ki pa lagrip.

L ap pran apeprè 15 jou pou pwoteksyon an kòmanse apre w fin pran vaksen an, e pwoteksyon an ap dire jouk nan sezon lagrip la.

3 Gen kèk moun ki pa sipoze pran vaksen sa a

Men kisa pou w di moun k ap ba w vaksen an :

- **Si w gen nenpòt gwo alèji grav ki kapab mòtèl.**
Si w janm gen yon alèji ki mete lavi w an danje apre yon dòz vaksen kont lagrip, oubyen w te gen yon alèji ak nenpòt nan engredyen ki nan vaksen an, alò yo ka di pou w pa pran vaksen an. Pifò, men se pa tout, kalite vaksen kont lagrip gen yon ti kantite pwoteyin ze ladan yo.
- **Si w janm gen sendwòm Guillain-Barré (osinon se GBS).**
Gen kèk moun ki te gen GBS ki pa sipoze pran vaksen sa a. Se pou w pale sa avèk doktè k ap swiv ou a.
- **Si w pa santi byen twò anfòm.**
Jeneralman li pa bon pou w pran vaksen kont lagrip la lè w gen yon ti maladi, men yo ka mande pou w tounen lè ou rebran.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

4**Risk pou gen yon reyaksyon nan vaksen an**

Avèk nenpòt ki medikaman, atout vaksen tou, kapab gen chans pou gen reyaksyon. Òdinèman yo lejè epi yo ale poukont yo, men reyaksyon grav kapab posib tou.

Pifo moun ki pran vaksen kont lagrip pa gen pyès pwoblèm avèk li.

Pwoblèm minè apre yon vaksen kont lagrip lapab se :

- doulè, woujè oubyen anfleman nan anplasman piki a
- vwa anwe
- zye ki grate, ki wouj oubyen ki sansib
- touse
- lafyèv
- koubati
- tèt femal
- demanjezon
- fatig

Si w gen pwoblèm sa yo, yo kòmanse òdinèman apre vaksen an epi dire ant 1 jou a 2 jou.

Pwoblèm ki pi grav apre yon vaksen kont lagrip kapab se sa ki make annapre a :

- Kapab gen yon ti ogmantasyon nan risk pou gen sendwòm Guillain-Barré (GBS) apre administrasyon vaksen kont lagrip ki inaktive. Yo estime pou risk sa a nan 1 a 2 ka siplemantè nan chak milyon moun ki vaksinen. Li mwens pase risk pou gen gwo konplikasyon poutèt lagrip, ki limenm kapab anpeche avèk vaksen kont lagrip.
- Jèn timoun ki pran vaksen kont lagrip ansanm ak vaksen nemokoksik (PCV13) ak/osinon vaksen DTaP nan menm lè kapab gen plis chans pou yo gen yon kriz malkadi yon lafyèv lakòz. Mande doktè k ap swiv ou a pou ba w plis ransèyman. Kite doktè k ap swiv ou a konnen si yon timoun ki pran vaksen kont lagrip te janm fè yon kriz malkadi.

Men ki pwoblèm ki kapab genyen apre nenpòt ki vaksen sou fòm piki :

- Pafwa moun endispoze apre yon pwosede medikal, atout apre yo pran yon vaksen. Chita osinon kouche pou apeprè 15 minit kapab anpeche toudi ak domaj yon chit kapab lakòz. Kite doktè k ap swiv ou a konnen si w toudi, osinon si w gen chanjman nan vizyon w osinon boudonman nan zòrèy.
- Gen kèk moun ki gen gwo doulè nan zepòl epi ki gen difikilte pou yo bouje bra kote yo te administre vaksen an. Se yon bagay ki rive trè raman.
- Nenpòt ki medikaman kapab lakòz gwo alèji, Reyaksyon sa yo nan vaksen se reyaksyon ki rive trè raman, sa estime pou l rive sou 1 nan yon milyon dòz, epi sa rive ant detwa minit a detwa èdtan apre administrasyon vaksen an.

Kou nenpòt ki medikaman, gen yon ti chans tou piti pou yon vaksen lakòz gwo domaj osinon pou li mòtèl.

DCH-0457HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

Yo toujou ap siveye site vaksen yo. Pou plis ransèyman, gade nan : www.cdc.gov/vaccinesafety/

5**Men kisa pou m fè si gen yon reyaksyon grav ?**

Kisa pou m siveye ?

- Siveye nenpòt kisa ki enkyete w, tankou siy yon gwo alèji, gwo lafyèv, osinon konpòtman ki anòmal.

Siy yon gwo alèji kapab se itikè, anfleman figi ak gòj, difikilte pou respire, batman kè rapid, toudisman, ak feblès. Li posib pou yo kòmanse ant detwa minit oswa detwa èdtan apre administrasyon vaksen an.

Kisa m sipoze fè ?

- Si w kwè se yon gwo alèji osinon lòt ijans ki pa kapab tann, alò rele nimewo 9-1-1 epi mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè k ap swiv ou a.
- Se pou fè rapò sou reyaksyon yo bay Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS). Se pou doktè k ap swiv ou a klase rapò sa a, osinon ou ka fè l oumenm sou sit entènèt VAERS www.vaers.hhs.gov, osinon rele nan nimewo 1-800-822-7967.

VAERS pa founi konsèy medikal.

6**The National Vaccine Injury Compensation Program**

National Vaccine Injury Compensation Program (Pwogram nasyonal pou konpansasyon poutèt domaj nan vaksen osinon VICP) se yon pwogram federal ki te òganize pou konpanse moun ki te domaje poutèt kèk vaksen.

Moun ki kwè yo te domaje poutèt yon vaksen kapab gen enfòmasyon sou pwogram lan ak sou kijan pou yo klase yon reklamasyon depi yo rele nan nimewo 1-800-338-2382 osinon gade nan sit entènèt VICP a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Konnen gen yon limit tan pou klase yon reklamasyon pou konpansasyon.

7**Kijan m kapab gen plis ransèyman ?**

- Mande founisè swenyaj k ap swiv ou a. Li ka ba w pwospektis anbalaj vaksen an osinon sijere lòt sous enfòmasyon. 1-888-767-4687
- Rele depatman sante piblik lokal osinon leta a.
- Rele Centers for Disease Control and Prevention (CDC) :
- Nan telefòn nan 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO) osinon
- Gade sit entènèt CDC a nan www.cdc.gov/flu

Papye enfòmatif sou vaksen VIS

Vaksen kont lagrip ki inaktive

08/07/2015

Inactivated Influenza

Haitian Creole

42 U.S.C. § 300aa-26

Seksyon rezève pou biwo a

